LIS RESOUS

Chak pwogram ak sèvis gen pwòp egzijans kalifikasyon li. Lè ou bay enfòmasyon ki presize nan seksyon 393.065(11)(a), Lwa Florida yo, ajans la pa bay garanti yon kandia ap kalifye oswa anrejistre nan okenn pwogram oswa sèvis la.

Ou ka jwenn aksè nan lyen ki mennen nan resous yo nan dokiman sa a lè ou vizite https://apd.myflorida.com/ epi klike sou *Pakou pou Jwenn Sèvis ak Aplikasyon pou Sèvis yo.*

Resous pou Tout Laj yo

- Yon kont **Able United** se yon fason pou rezidan Florid yo economize ak pran swen pwòch yo ki gen andikap yo san yo pa pèdi avantaj yo. Pou jwenn plis enfòmasyon, tanpri vizite https://www.ableunited.com/

- **Sekirite Sosyal pou Asirans Andikap (SSDI) ak Revni Siplemantè Sekirite (SSI)** se pwogram federal yo ye ki ede moun ki gen andikap yo. Pou enfòmasyon sou aplikasyon pou sèvis yo, tanpri ale sou sitwèb Administrasyon Sekirite Sosyal a nan https://www.ssa.gov/benefits/ssi/?gclid=EAIaIQobChMIjsK7y8jE8AIVUNnVCh05Ug4bEAAYAiAAEgKug_D_BwE

- **Divizyon Reyadaptasyon Pwofesyonèl** ede moun ki gen andikap yo pou kapab jwenn travay. Pou jwenn plis enfòmasyon pou aplikasyon pou sèvis yo, tanpri vizite http://www.rehabworks.org/

- Nan Florid, moun ki gen andikap ak fanmi yo gen chwa pou pran desizyon. Opsyon sa yo gen ladan sèvis gadyen, defans gadyen, lòt sèvis gadyen ak lòt opsyon priz desizyon ki disponib selon lwa Florid la. Pou telechaje bwochi sou opsyon Priz Desizyon APD yo, tanpri vizite: https://apd.myflorida.com/brochures/Decision-Making%20Options%20Brochure%202013.pdf. Pou kontakte Biwo Gadyen Piblik ak Pwofesyonèl la, tanpri vizite https://elderaffairs.org/programs-services/office-of-public-professional-guardians-oppg/.

- Gen kèk pwofesyonèl egzanpsyon k ap sèvi APD yo kliyan yo ki pral aksepte pèman prive pou sèvis yo. Pou chèche pwofesyonèl egzanpsyon APD selon konte a, tanpri vizite https://flddresources-provider-search.qlarant.com/ProviderSearch.

Resous pou Moun nan Lekòl

- **Sant Florid pou Etidyan ki Gen Andikap Inik yo** kolabore ak etidyan ki gen andikap entèlektyèl yo ak enstitisyon edikasyon siperyè yo pou ogmante eksperyans fakilte yo ki mennen nan opòtinite travay. Pou jwenn plis enfòmasyon, tanpri vizite: https://fcsua.org/. Ou ka jwenn aksè nan pwogram Tranzisyon Konplè Apre Lekòl Segondè nan Florid ki apwouve pa eta a nan https://fcsua.org/findfpctp/.

- Distri **lokal lekòl piblik** yo bay sèvis edikasyon espesyalize, tankou pwogram tranzisyon pou elèv ki gen bezwen edikasyon espesyal yo. Ou ka jwenn aksè nan enfòmasyon kontak pou pwogram Sèvis Elèv Edikasyon Eksepsyonèl lekòl piblik la nan https://www.fldoe.org/academics/exceptional-student-edu/staff/directory.stml.

Resous pou Moun ki gen plis pase 18 lane

- Pwogram Swen Jere Konplè pou Andikap Entelektyèl la (ICMC) se yon pwogram Medicaid nan tout eta a ki bay moun ki gen andikap entelektyèl ak andikap nan devlopman yo tout sèvis swen sante regilye yo anplis de lòt sèvis adomisil ak sèvis nan kominote a. Pou jwenn plis enfòmasyon sou fason pou aplike pou sèvis yo, tanpri vizite sitwèb Administrasyon Ajans Swen Sante a nan https://ahca.myflorida.com/icmc-program.html.